


Kanabis nan Vil New York: Kisa ki legal?

Li legal pou adilt yo konsome kanabis (mariwana) nan Eta New York.



3 ons



24 gram

Adilt ki gen venteyen (21) lane ak plis ka genyen epi pataje (men yo pa kapab vann) jiska twa (3) ons flè kanabis oswa boujon kanabis, oswa jiska vennkat (24) gram kanabis konsantre tankou lwil oswa sigarèt elektwonik.



Espas pou Fimen

Adilt ki gen venteyen (21) lane ak plis ka fimen kanabis oswa sigarèt elektwonik ki gen kanabis nan pifò espas kote yo otorize moun fimen tabak.



Nou agrandi pwogram pou kanabis medikal la nan New York. Pou w jwenn enfòmasyon sou chanjman sa yo, ale sou cannabis.ny.gov/medical-cannabis.



Poko gen otorizasyon ki bay pou moun vann kanabis. Pou kapab jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte ak kiltive kanabis, ale sou cannabis.ny.gov.

Kimoun ki kapab gen kanabis la yon fason ki legal, epi ki kantite li kapab genyen?

- Adilt ki gen venteyen (21) lane ak plis ka genyen jiska 3 ons flè kanabis oswa boujon kanabis, oswa jiska vennkat (24) gram kanabis konsantre (tankou lwil oswa sigarèt elektwonik).
- Li pa legal pou yon moun ki gen mwens pase venteyen (21) lane genyen, itilize oswa pataje kanabis.

Èske moun kapab pataje, vann oswa fè echanj ak kanabis?

- Adilt ki gen venteyen (21) lane ak plis ka pataje jiska 3 ons flè kanabis oswa boujon kanabis, oswa jiska vennkat (24) gram kanabis konsantre avèk lòt adilt ki gen venteyen (21) lane ak plis pou itilizasyon pèsònèl yo.
- Li pa legal pou yon moun:
 - Genyen oswa pataje plis pase 3 ons flè kanabis oswa vennkat (24) gram kanabis konsantre
 - Vann oswa fè echanj ak nenpòt kantite kanabis
 - Bay oswa vann nenpòt kantite kanabis bay moun ki gen laj pi piti pase venteyen (21) lane

Èske li legal pou kondui apre ou fin konsome kanabis oswa itilize kanabis anndan yon machin?

- Non. Li pa legal pou ap kondui lè w febli oswa pandan ou anba enfluyans kanabis.
- Epitou, li pa legal pou itilize kanabis anndan yon machin, menm si se kòm pasaje oswa pandan machin nan kanpe.



Ki kote li pa otorize pou fimen oswa rale vapè kanabis nan New York?

- Li pa otorize pou fimen oswa rale vapè kanabis nan espas sa yo:
 - Zòn piblik ki nan bilding yo
 - Pak yo
 - Plaj ak pwomnad nan bòdmè
 - Teren gòlf piblik
 - Anndan ak sou teren estad espò yo
 - Plas pou pyeton
 - Jaden piblik
 - Restoran
 - Ba
 - Nan machin ak lòt veyikil a motè (menm si yo kanpe)
 - Lekòl



- Daprè lwa federal la, li toujou pa legal pou genyen oswa konsome kanabis sou nenpòt fòm nan yon pwopriyete federal. Lwa nan Eta New York nou dekri nan fich enfòmasyon sa a pa aplike pou okenn pwopriyete federal. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Lwa Federal la, ale sou [fda.gov](https://www.fda.gov) epi chèche "**cannabis regulation**" (**règleman sou kanabis**).

- Gen kèk bilding prive ki entèdi moun fimen ak rale vapè anndan inite yo. Menm si pwopriyete yo kapab entèdi ou fimen ak rale vapè kanabis anndan bilding yo a, yo pa kapab entèdi ou konsome aliman manjab ki fèt ak kanabis oswa gen yon kantite kanabis ki legal anndan lakay ou.



- Devlopman lojman Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) gen politik ki kont tabak epi ki anpeche moun fimen ak itilize sigarèt elektwonik ki gen tabak ak kanabis sou pwopriyete a. Lojman piblik ki fè pati yon pwogram federal dwe respekte lwa federal ki entèdi moun genyen epi konsome kanabis ak pwodui ki gen kanabis.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa ak sanksyon pou vyolasyon, ale sou [cannabis.ny.gov/adult-use](https://www.cannabis.ny.gov/adult-use) epi klike sou "**Penal Law Fact Sheet**" (**Fich Enfòmasyon sou Lwa Penal**).